No. 44 30

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
½ „ . . .	f 3,—	
3 woelan . .	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
na sri[illegible] 795.
ipoen[illegible]
b o [illegible]

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

PADAMELAN BEDRIJF . . . . . ?

Para maos temtoe boten kekilapan menggah ingkang dipoenwastani *djaman malèsèt* poenika sampoen radi loengsé mila sapoenika ladjeng gantos nama *maleseg* djer sampoen sanget malèsètipoen.

Ewasemanten manawi koela pandjenengan dangoe poenapa ingkang dipoenwastani djaman maleseg poenika, koela kepeksa boten saged ngatoeri definitie-nipoen, djer ing rikoe wijar sanget maksoedipoen. Menggah ing riki koela badé njandak ngedalaken kawontenan ingkang moeroegaken damel deleg-deleging kaoem berah i. p. prakawis *„vaste aanstelling voor een onbepaalden tijd."*

Menggah kersanipoen tetemboengan poenika manawi koela boten klintoe kados inggih katetepan tetep kanggé sawatawis wekdal, liripoen oepami werkgever sampoen boten nganggèkaken, inggih ladjeng kénging ka-ontslag.

Mangga para sadèrèk koela atoeri menggalih.

Poenapa poenika moeroegaken damel manteping manahipoen tetijang berah? Ngèngeti tetemboengan nginggil manah temtoe ladjeng malah gondjing-miring, boten saged marem, boten saged mantep sreg, awit rinten oet. daloe sang berah saged ka-*ontslag*. Mila ing djaman samangké malah katah ingkang sami nindakaken pandamelanipoen kanti sakenjoh-kenjohipoen groesa-groesoe, djer pangadjeng - adjeng onderstand (pensioen) tangèh lamoen sagedipoen kagajoeh. (Inggih wonten ingkang ladjeng saged tampi onderstand oet. pensioen, ning poenika namoeng kantoen 5°/₀ nan, oepami tijang 100 ingkang saged tampi inggih namoeng gangsalan). Awit manawi wonten poenggawa ingkang sampoen dienst lami, blandja katah, ladjeng kepétanan lepatipoen ingkang ndjalari sagedipoen ontslag, piridanipoen soepados kénginga kagantos mawi kekijatan énggal (jonge kracht.), toer mirah blandjanipoen.

Toch . . . . *bezuinigen?*

Rak inggih sampoen katah ta para maos kawontenan makaten poenika?

Menggah ingkang ngawontenaken bezuiniging makaten poenika rak inggih namoeng ngèngeti batinipoen ta!!!

La ingkang ngarah bati? Kedjawi bangsa bedrijf kados boten wonten!

1e. mbezuinig poenggawa, sampoen njoeda uitgave.

2e. poenggawa sepoeh dipoengantos poenggawa enèm blandjanipoen mirah.

3e. onderstand oet. pensioen mèh boten kanggé.

Tigang warni poenika poenapa boten moeroegaken djempol batig-saldo-nipoen bedrijf?

Pandjenengan galih para maos, lan kaetogna penggalih pandjenengan. Mila sapoenika ladjeng katah pandamelan - pandamelan ingkang kawalik dados bedrijf. Atoeranipoen ketingalipoen maremaken, ning sadjatosipoen...... *nggeringaken!* (toemrap ingkang berah).

Poenapa sadaja pendamelan béndjing badé saged dados bedrijf, koela namoeng badé nitèni kémawon, nanging oepami saged èstoe kelampahan poenapa boten namoeng ndeder widji ingkang boten saé kémawon?

Tjobi para sadèrèk pandjenengan jektosi omonganipoen sadèrèk pandjengan

ing paredèn *F. Soenar.*

PONDOKAN — MONDOK.

Gegandéngan kalijan oréanipoen sedèrèk Rr. Triati ing Sw. T. No. 36 dd. 5 September 1930 koela badé mewahi amrih saja gamblang kados-poendi rékanipoen soepados sami déné èntèngipoen. Pantjèn prekawis poenika angèl sanget, djalaran jèn manah boten saged tjotjog, inggih boten saged sreg, djendjem, ajem, senadjan toenggil panoetan pisan; saja toemrap ingkang béda panoetanipoen. Sarèhné koela sampoen ngalami kalih-kalihipoen (kempal sedèrèk Katholiek lan sedèrèk ndjawi sami déné in de kost) dados inggih saged ngatoeri wawasan sekedik - sekedik. Kawewahan saged njela kawontenan ing kiwa tengen; wonten ing kita oetawi wonten ing ndoesoen pisan inggih sampoen nglampahi.

Kanggé kita jèn badé in de kost kedah mawi mingak - mingoek roemijin, saja wonten ing kalangan sadjawining Katholiek. Sampoen goemampil milih panggénan, kedah takèn-takèn oetawi niti priksa poendi ingkang pantes dipoentitipi badanipoen. Adakanipoen ingkang kedjibah mrenah - mrenahaken ingkang dados sesepoeh ing rikoe, djalaran sampoen paham dateng kawontenanipoen: Jèn boten mekaten inggih sinten ingkang sampoen dangoe wonten ngrikoe. Ingkang wadjib mrenahaken sampoen temtoe ingkang sepoeh, kita wadjib manoet sapitedahipoen, awit sedaja - sedaja senadjan béda antjasipoen, inggih sami ngreksa kawiloedjengan kita; djalaran awon kita, pijambakipoen inggih katoetoek. Nanging senadjan mekatena kita inggih kedah ngatos-atos, sampoen agé - agé ngesloepi samangsa dèrèng pirsa kawontenanipoen. Jèn sepisan lepat adakan inggih angèl leresipoen; jèn sempoen naté pindah pondokan adakan boten kraosan, kerep pindah pondokan, adamel awoning salira pijambak, ngawontenaken penjana awon. Kedjawi jèn pindahipoen wonten sebab ingkang absah, oepami katilar pindah dateng papan sanès, oetawi bawa pijambak.

Kedjawi poenika inggih kedah angèngeti 1e. ingkang dipoenpondoki waoe gesangipoen ketjomprèngan poenapa boten, jèn ketjomprèngan pandjenengan inggih badé katoet, kamangka sampoen roemaos mbajar samoerwat; wekasan pendjenengan ladjeng boten kraos. 2e. Ingkang dipoenpondoki gadah pekareman ingkang mbebajani poenapa boten; jèn gadah, pendjenengan gampil katoetipoen; peng - pengan jèn boten katoet; tijang gadah kasenengan tanpa madjat, goemampil dateng arta, pendjenengan gadah, dipoentemboeng, kados - poendi wangsoelanipoen? poenapa wentala boten ngoeloengaken? Ngoeloengaken inggih badé . . . . . ! boten inggih . . . . ! Harak kodjoer tenan no?! Pendjenengan inggih boten kraos! 3e. Ratjakipoen ingkang mondok poenika taksih sami lamban. Lah poenika kedah AWAS!!! Sampoen mondok ing panggénanipoen tijang ingkang gadah anak djaler oetawi èstri ingkang sampoen wantji (diwasa), gadah randa oetawi doeda; ènget lo sedèrèk *doek sanding geni kok!* sinten ta ingkang nginten jèn magneetipoen ladjeng kontak. Anggèn koela matoer mekaten poenika koela sampoen njipati pijambak, boten teka matoer dora. Saking penggoda ageng, penggalih peteng, inggih gampil ndjomplang mak gèntjeng . . . . . ! Adoeh teka memelas temen ta nèh! Nanging keprijé menèh wong djeneng lagi kena goda, dikapakaké! Poenapa pendjenengan tetah? Ah nama boten gadah welas poenika! Boten noeloeng malah *ambalesekaken!* 4e. Sampoen mondok ing grijanipoen tijang ingkang awatak boetarepan (djaler oetawi èstri), poenika inggih mbebajani dateng kita sedaja (djaka oetawi prawan). 5e. Sampoen goemampil nampèni roeba samangsa sampoen kelampahan mondok. 6e. Jèn sampoen mondok dateng salah setoenggiling tijang sampoen remen sandja, ngemoengna saperloenipoen kémawon, mangké mindak kanjananjana ingkang boten - boten (kirang nrimah tedanipoen, boten kraos, ngraosi awon enz.) 7e. Amrih sami sekétjanipoen tijang ingkang mondok kedah roemaosa dados rajatipoen, sampoen roemaos doepèh sampoen mbajar teda, mawi pétoeng - pétoengan, boten sekétja dateng manah. Éwadéné inggih meksa wonten ingkang mekaten poenika. Taksih katah sanget ingkang kedah dipoenèngeti, pendjenengan saged madosi pijambak poendi ingkang prajogi katindakaken.

Sapoenika babagan arta! Kita para Katholiek kedah prewira, jèn sampoen mbajar kedah boten ngoetjap ngraosi tedanipoen awon, kirang étja, petileman . . . . . . enz. Kita kedah saged nginten - inten pinten moerwatanipoen anggèn kita mbajar teda ing sewoelanipoen. Kangggé ing ndoesoen mbajar f 15 sampoen limrah ing atasipoen golongan N. S. Jèn sanèsipoen inggih mawi tetimbangan bajaripoen, pinten moerwatipoen, soepados boten kesekediken oetawi kawraten. Jèn para N. S. mbajar f 15 wonten ndoesoen boten poeroen, mangka kempal sami prijantoen, nama . . . Éwadéné koela inggih sampoen naté mireng (soemerep) wonten ingkang njoeda doemoegi f 10— f 12,5. malah nganggé pengantjam: „Jèn boten poeroen koela badé pindah saking ngriki." Hi-hi——— hik!! Koewi rak wataké botjah tjilik! mbajar semono roemasa kakèhan. Awratipoen dados sesepoeh, boten téga ngetjoelaken momonganipoen (andahanipoen), awrat-awrat inggih dipoenlampahi. La, sampoen teka poeroenipoen waoe margi sampoen katah, nanging margi ndjagi raosan awon, sampoen ngantos wonten penjana boten saged roekoen; lan malih ngawoni sawatawis, djalaran pijambakipoen (sesepoeh, mantri goeroe), koewadjiban ngreksa kawiloedjenganing kantja (pembantoe), inggih jèn ontjatipoen saking ngrikoe badé manggih katentreman (sekétja), bilih nandang kasangsaran, risak gesangipoen, poen sesepoeh ingkang kesinoengan lepat. Namoeng adakanipoen moeda poenika jèn kempal lan prijantoen sepoeh temtoe boten seneng, djalaran sedaja kekadjenganipoen badé dipoenpalangi (mesti kémawon kekadjengan ingkang nalisip). Moeda ingkang saweg mempeng - mempengipoen sedaja kekadjengan kedah kelampahan, toer dèrèng temtoe sedaja kekadjenganipoen waoe leres; ingkang saged njoemerepi namoeng tijang ingkang sampoen lebda dateng kawontenan ndonja (inggih poenika tijang sepoeh), poen moeda ngoembar hawa nepsoe, gèk toemoedjoe dateng kanistan (kasangsaran). Tijang sepoeh (loerah) boten wentala soemerep andahanipoen kados mekaten, lan inggih gadah wadjib. Sareng moeda waoe dipoenémoetaken senadjan sampoen dipoenarah-arah, éwadéné manah inggih moentab, bawaning moeda dèrèng koewawi ngampet hawa nepsoe, ngéné loepoet, ngono ora bener, manah boten kraos, pados pondokan sanès, ngempali sami moeda; mangka moeda waoe (ingkang dipoenkempali) gesangipoen . . . . , tjilaka tenan, sida katoet ketjemploeng ndjoerang tenan kowé! JAIKOE DJALOEKAMOE GOES!!

Kanggé huisbaasipoen (tijang ingkang dipoenpondoki) wah poenika roemaos dipoenoekoem saèstoe. Djalaran poenapa - poenapa boten saged merdika, neda, wédangan, tilem poenapa kedah ngemong dateng tijang ingkang mondok. Kanggé koela pijambak sedèrèk, boten ketjonggah saoepami dipoentoempangi tijang. Kados-poendi ta tijang koela mesti dipoenoekoem, mangka gèk ngrikoe (ingkang mondok) boten ngertos ing wadjibipoen. Badan koela pijambak prekawis neda boten koela temtokaken, jèn weteng loewé inggih neda; mantoek saking njamboet damel dèrèng temtoe teroes neda, terkadang ndadak maos oetawi tileman roemijin; jèn wonten ingkang noempang koela kepeksa boten saged nindakaken, kedah ngemong si penoempang. Wantji sonten boten mesti weteng loewé, dados inggih dèrèng temtoe neda; nanging sarèhning dipoentoempangi, inggih kedah ngemong si penoempang malih. Bab ngombé wédang mekaten oegi, kedah ngwontenaken wédang ing wekdal ingkang mesti. Jèn boten dipoenwastani boten ngétok - étokaken sampoen dipoenbajar tedanipoen. Sarèhné dipoentoempangi kantja (tijang) koela kepeksa boten saged nindakaken poenapa ingkang ndadosaken antjasing manah koela (ngémoeti kedah ngemong kantja waoe), ingkang pantjèn saking pemanggih koela oetami. Poen penoempang temtoe inggih rikoeh, arep mèloe-mèloe ora bisa, (djalaran boten gadah dasar kados makaten), ora mèloe djeneng . . . . . Pendjenengan sadaja saged nggagapi pijambak prekawis poenapa poenika! Dados koela tjekak tijang dipoentoempangi poenika ratjak boten saged *merdika,* semanten oegi ingkang noempang. Nanging inggih saged kelampahan sami merdikanipoen samangsa sampoen tjotjog manahipoen lan gadah watak barès - barèsan, tegesipoen: „Iki lo oeripkoe kaja ngéné, kowé apa bisa nglakoni, jèn kokon ngloewihi ora bisa, djalaran ija kaja ngono ikoe sing dadi panoedjoening atikoe." Jèn manah saged gatoek: „Ja koewi, sing takkarepaké, ora perloe ngenak-enakaké sing ora ana; jèn ndadak nganggo sèng-sèng soengsèng ki kok malah moemetaké goendoel, toer begrootingé . . . . . . !" Sampoen saénipoen nindakaken barès-barèsan kémawon, senadjan dateng sinten kémawon; langkoeng-langkoeng dateng kadang Katholiek pijambak!

Déné jèn pandjenengan badé ngontjati sadaja waoe, sampoen ngantos ngerèh lan dipoenerèh . . . . pendjenengan kedah meksa salira pijambak, kersaa mandirèng pribadi (dedalem pijambak); kanggé para kakoeng gampil; toemrap para poetri katah pakèwedipoen. Bokmanawi wonten ingkang ngendika: „Doeroeng bisa! Ora doewé piranti; Sing ngliwetaké sapa?" Tjobi koela atoeri méngo, poenika lo, prijantoen poenika! Teka poenika saged; kénging poenapa pendjenengan boten saged. Kita kedah gadah tékad. Jèn kaé bisa apa sebabé AKOE teka ora???! Déné prekawis oeba-rampéning gegrija inggih dipoentjitjil saking sakedik, sakoewagangipoen. Sampoen isin, sinten ingkang badé ngisin-isin? Jèn ngémoeti poenika saweg nama sinaoe mesti malah welas, mitoeloengi, ngrigenaken amrih prajoginipoen. SINAOE LO SEDÈRÈK, SINAOE!!! Béndjing poenapa pandjenengan anggènipoen sinaoe?? Menawi sampoen kagoengan garwa? Tjilaka wong kaja ngono koewi?? Boten kirang-kirang margi kedangon (tansah mondok) sareng kagoengan garwa bawa pijambak LINGAK-LINGOEK kados entoeng. Poenapa anèh???? Boten! Nèk kidoeng lo mengko!? Saroe sedèrèk! Wis kagoengan garwa teka doeroeng prigel anggoné omah-omah! Hi-hi-hiiiiik!! Ingkang dipoendjagi sanget sampoen ngantos samangsa keblowok ladjeng njènèng tijang sanès. Kados oepami sampoen kagoengan garwa gempoer bètèngipoen oetawi borot kendilipoen, anggènipoen mboenteti angèl. Béda jèn taksih idjèn. Senadjana boten neda oepaminipoen, inggih namoeng dipoenraosaken pijambak. Ngeloe moeles badanipoen pijambak ingkang njanggi.

Déné bab réntjang saénipoen mendet pamilinipoen pijambak ngiras mitoeloengi; toer mesti senengipoen, roemaos dipoenrengkoeh, watakipoen jèn taksih sedèrèk poenika-ratjak gadah pambekan doemoewé, béda lan tijang sanès. Déné bab begrooting, bokmanawi boten mindak oetawi mindaka inggih namoeng sakedik tinimbang mondok. Nanging batinipoen matoempa-toempa; merdika, ajem djendjem, ngertos tjaranipoen gesang, mitoeloengi tijang (réntjangipoen) enz. Mila saking atoer pamrajogi koela tinimbang in de kost, angoer tékad-tékadan grija pijambak, begdjan - begdjan. Sing sapa NÉKAD bakal MENANG!!! Lah poenika lo para sadèrèk, langkoeng-langkoeng moeda (prija) Katoelik moegi kagatosna. Sampoen ngantos ketoengkoel dados damelipoen lijan. Soemangga koela pepoedji sageda mekaten sedaja. Sampoen ta mesti senengipoen. Koela sampoen nglampahi kok!!!! Wasana jèn wonten lepat koela moegi paringa pangaksama.

Sedèrèk pendjenengan
TJIPTAMAJA.

ECONOMIE.

ING SAPOETJAKING PANGGOENG ECONOMIE.

(Sambetipoen wawasan bab panggaotan lan pandamelan).

Ing Sw. Tm. no. 43 koela anggelar bab ébah - ébahaning donja panggesangan ing sapoenika ingkang margi kekirangan pandamelan.

Ing beboeka koela sampoen pretéla bilih kaoem nasijonalis sampoen boten kesoepèn bab poenika, namoeng kita bebadan Katoelik Nasijonal kedah ndjagi soepados sampoen ngantos kantoen.

Kadjawi fonds nasijonal, import lan exportzaak nasijonal kados ingkang koela atoeraken, panggaotan sanès boten kirang ingkang medal ing tengah - tengah kita ing djaman modern poenika.

Koela sapoenika ngadep „Pandawa," satoenggiling serat padintenan ing Djawi Kilèn, ingkang semoenipoen badé ngojak Bintang Timoer.

Ing rikoe koela sampoen soemerep jèn ada panggaotan ing tengah-tengah kita kaoem Indonesia sampoen noetoeti ada bab ngojak kesagedan. Kadosdéné madegipoen Nera, ada Cursus Zelfstudie ingkang dipoenpimpin Dr. Samsi, Firma Setia, ingkang sampoen gadah toko 19, vertaalbureau Goetama ing Weltevreden lss. ingkang sadaja nélakaken bilih kaoem Indonesia boten tilem ing babagan poenika.

Mila sampoen saleresipoen jèn ing madyaning bebadan katoelik Indonesia *kedah* pinanggih sedajaning winih toemrap sadaja actie: verzekering, dagang, bank, vertaalbureau, nieuwsagentschap lss. soepados jèn actie Indonesia oemoem mateng lan pepak, kita inggih sampoen sijaga.

Mila, koela satengah goemoen, soemerep jèn ing Solo lan Dk. sampoen wonten C. C. (winih kanggé nieuwsagentschap Katoelik), wonten sogokan bab ada lan tradjang katoelik-juornalisme (karembag ing sadjawining Sw. Tm.), C. C. kekalih waoe mèndel kémawon Wonten sebab ingkang wigatos? rikoeh? poenapa malah njingkoer dateng sogokan waoe? Koela boten terang. Namoeng koela pitados, bilih sadaja pandjangka oetawi ada poenika prajogi katindakaken mawi prenatan, mawi nalar ingkang katata, lan mawi wekdal ingkang katemtokaken.

Sambet bab njamboet damel ingkang mawi prenatan lan nalar katata poenika koela kémoetan oréanipoen sedèrèk !?! ing *Swara Tama* no. 15, katja 1 kolom III anggènipoen njetak - njetakaken bab ginanipoen fonds, lan melèhaken kala Mr. Sartana propaganda bab damel

*) Uncle Sam, oetawi: U. S. A.: *And.*

KING PAKEMPALAN.

[...]tan K. W. Blitar 12 - 10 - '30.

[...]amboeka.

Pangarsa boten saged rawoeh, dipoenwakili panitra. Rama Parampara oegi boten saged rawoeh. Warga ingkang rawoeh 9, tamoe tiga.

Maos notulen. Mej. G. Moertinem miterang dateng bestuur, bab oesoelipoen Heer Sindoeperwata, soepados ngwontenaken parepatan ingkang ngrembag bab roewet-rentenging para warganipoen; Panitra paring wangsoelan, bilih dèrèng katindakaken, awit taksih ribet. Heer Sindoeperwata nerangaken saé lan perloening pakempalan kasebat, malah dipoenrembag ngantos dedreg. Poetoesanipoen: Itjaling roewet-renteng waoe sarana wengkoe-winengkoe.

Maos statuten *Pangroekti Laja*. Statuten kawaos lan kaabsahaken. H.R. karembag [...]alijan mlampah. Bestuur oesoel: arta da[...]pah kapendet 5 % kanggé kas P. L., d[...]oedjoeki.

Koe[...]eran. Badé toembas pasitèn kanggé koeboeran. Anggènipoen ngoepados arta sarana njoewoen dana sakadaripoen dateng para warga lan tijang Katolik sadaja ing Blitar, sarana kaoebengan lijst.

Pambikaking Grédja Lempong (Medari). Neda oeroenan, dipoenroedjoeki oeroen f 5 (gangsal roepijah) saking kas K. W.

Pitakénan. Padoeka Rama Sebastiaense moendoet, soepados dipoenwonteni Zangkoor Djawi kanggé jèn njaosaken koerban Mis Soetji djam 6 éndjing, poetoesanipoen goemantoeng dateng bestuur.

Verslaggeefster.

Paloepi Darma Blitar.

Redaksi tampi pawartos makaten:

Sampoen tigang woelan sepriki ing Blitar wonten pakempalan P. D. tjabang énggal. Ingkang dados warga pangrèh 3. F. Pardja pangarsa, J. Moedjari panitra, R. Soejitna hartaka. Déné warga limrah lan aspirantenipoen loemajan. Moegi-moegi tjabang P. D. ing Blitar sageda widada tansah mindak-mindaka warganipoen, kataha wohing sembahjanganipoen.

---

banda - nasijonal, djer fonds poenika boten sanès boten lija nama teges [b]anda oetawi tandon doewit.

Keleresan koela tangi tilem waoe mak tjeg njepeng boekoe kintoenan saking Oom Sam*) ingkang nerangaken akalipoen nglempakakaken arta.

Boekoe waoe tjarijos makaten: „Oepami prijantoen, pandjenengan badé jasa grija, sampoen jasa pandemèn rampoeng, ladjeng kantoen ngedegi tèmbok lan sapitoeroetipoen. Kantoen - kantoen ing wantji éndjing woengoe saré pandemèn waoe modot, toekoel tèmbok, kori, tjendéla lan pajonipoen ngantos rampoeng . . . . ! poenapa pandjenengan boten soeka mawarta soeta? lan jèn kersa, pandjenengan saged damel pandemèn ingkang élok kados atoer koela poenika waoe. Boten sarana moendoet lotré oetawi moendoet radja pèni, nanging sarana njèlèngi mawi atoeran ingkang mesti. Oepami pendjenengan kagoengan kapitaal f 10.000 ladjeng dipoentjèlèngi mawi anakan 6½% nak-kemanak, 20 taoen malih arta waoe sampoen dados f 35,236.01 ! ! Ta, poenapa boten nama pandemèn toekoel pijambak? Oepami, nan-dalem blandja f 350,— saben woelan kersa ngoerbanaken f 83,33. Bakda 20 taoen, mèh pènsioen, pandjenengan badé katengga ing banda agengipoen f 42.254,75!! kawandasa kalih èwoe!!"

Boekoe waoe gadahanipoen M. Forman Company ing Chicago,**) ingkang sagah njimpen arta saking poendi kémawon lan mawi anakan apes 6% setaoen.

Manoet serat - serat saking Company waoe, mawi foto warni-warni, katjeta anggènipoen soeka sareman arta pinten - pinten waoe margi sarana jasa grija ageng - ageng pinten-pinten, 26 lotèng oetawi langkoeng, ladjeng sami kasèwakaken. Manoet babadipoen, ingkang ada - ada Company waoe asli saking Schotland, dateng ing U. S. A. dados wewakiling spaarbank ing Schotland. Nanging dangoe - dangoe bawa pijambak, ngantos sapoenika oemoem kasoemerepan ing sa-Amérika. Déné lengganenipoen ingkang katah pijambak saking U. S. A., Schotland lan nagari Walandi.

Kados bab poenika tjekap samanten roemijin, sanès dinten kaladjengaken ngiras pantes naliti Roeslan kados-poendi economienipoen.

Saking sakedik selot - selotipoen para maos priksa ringkesan wawasan economie ing sadonja dalah theorie-theorienipoen pisan.

Kantja lami

ANDAJA.

*) Uncle Sam, oetawi: U. S. A.; *And.*

**) The Science of Fortune Building, oetawi kawroeh nglempakakaken Banda; Copyright 1927, George M. Forman & Company; *And.*

KAS DOESOEN.

Limrahipoen ingkang dipoenwastani kas doesoen poenika, jatra gadahanipoen doesoen. Mèh sadaja doesoen ing tanah Djawi sami gadah kas; déné ingkang njimpenaken arta kas waoe nagari.

Waoe koela sampoen matoer bilih kas doesoen makaten jatra gadahanipoen doesoen; mila kéngingipoen kaanggé, inggih namoeng jèn kanggé kaperloeaning doesoen; kadosta kanggé njaèkaken margi-margi doesoen, kreteg, kanggé toembas médja - koersi, lemantoen, kasoekakaken wonten ing kloerahan, kanggé kapreloeaning serat-sinerat, kanggé damel balé doesoen lsp., ingkang mila dados kabetahaning doesoen. Déné katah kediking jatra kas doesoen satoenggal-lan satoenggalipoen boten sami, wonten ingkang f 1000, f 2000, malah wonten doesoen ingkang anggadahi kas langkoeng saking f 5000 (gangsal èwoe roepijah).

Jatra samanten waoe boten nami sakedik, katimbang katoembasaken médja koersi, kadamel tjantas-tjantasan ijasa balé doesoen lan sapanoenggilanipoen kados ingkang sampoen kaseboet ing nginggil, poenika kados langkoeng prajogi kanggé njaèkaken ekonominipoen tijang doesoenipoen pijambak-pijambak (kalampahaken satjaraning bang doesoen.

Para maos temtoenipoen sampoen damang bilih panggesanganipoen para tijang doesoen poenika srana tetanèn, lan oegi priksa bilih gesangipoen kantja tani sapérangan ageng sami katjingkrangan, déné sebabipoen inggih warni - warni, kadosta: saking sakedikipoen gadahanipoen siti, saking kiranging pangatos-atos ingkang ladjeng ndjalari katjetjep ing lintah darat sapanoenggilanipoen.

Tijang tani poenika ingkang dados njawaning panggesanganipoen inggih siti (sabin oetawi tegilipoen). Dados samangsa sitinipoen oetawi pamedaling sitinipoen katjepeng tijang sanès, gesangipoen inggih ladjeng nama gesang - gesangan, tegesipoen: gesang kanti katjingkrangan, taksih anggènipoen kangèlan sampoen boten kedoeman, djalaran siti taksih gadahanipoen pijambak pamedal sampoen boten nggadahi hak.

Kawoeningana para maos, kawontenanipoen tijang tani ingkang sami doemawah ing katjingkrangan poenika sapérangan ageng sami nggantosaken sabinipoen dateng tijang soegih ing kanan kéringipoen, déné pradjandjianipoen roepi - roepi, oepami: A gadah sabin ½ baoe dipoensamboetaken jatra dateng B. f 100, — A sagah njoekani sepalih pamedaling sabinipoen saben panèn. Sanadjan sampoen 50 taoen pisan manawi jatranipoen B f 100, — dèrèng wangsoel inggih taksih lestantoen saben A panèn, B tampi bagéan sepalihing pamedal. Ingkang makaten waoe limrahipoen boten saged neboes. Anggènipoen A ngantos gadah samboetan margi kekirangan, jèn pokoking pamedal kantoen sepalih, mangka taksih kedjibah ngragadi anggènipoen ngarap siti; kekiranganipoen tamtoe saja ageng, mila saja mokal sagedipoen neboes; adakanipoen malah mewahi samboetanipoen, ngantos kelampahan namoeng tampi ¼-ning pamedal, malah saged kelampahan kamplo (boten nampi pamedalipoen babar pisan); mangka samangsa dados lebaran inggih kepeksa toemandang ing damel nggarap sabin, sareng sampoen panèn kantoen ngemoet dridji.

Wonten malih ingkang makaten A njamboet dateng B sagah njoekani ½ pamedaling sabinipoen saben panèn. Margi kekirangan A njamboet malih dateng C oegi sagah njoekani sepalihing pamedalipoen sabin saben panèn. Dados poen A saben pantoenipoen sepoeh namoeng kepandoeman doendoem, ½ dateng B, ½-hipoen malih dateng C. Wonten malih pradjandjian makaten: sadangoenipoen A njamboet dateng B, pamedaling sabinipoen A lestantoen B ingkang anggadahi sepalih oet. sadaja, nanging jèn boten saged neboes salebetipoen samanten taoen sabin tetep gadahanipoen B. Makaten sapitoeroetipoen kekatahen sanget oepami koela atoerna sadaja bab kawontenanipoen pradjandjian samboet kapi samboet ingkang koela soemerepi wonten ing padoesoenan. Malah kerep kémawon koela mranggoeli tijang toembas sabin oetawi pakawisan sarana kabetahan ing sadinten-dintenipoen oepami: srana oewos saking sabatok, 2 tjangkir, ½ beroek, saparès mantji, enz. Sareng sampoen djangkep sataoen oetawi kalih tengah taoen dipoenpétang sampoen nglempak f . . , — wasana ladjeng dateng ngasisténan (kantor A.W.) oetawi kawedanan kanti loerah lan tjarik doesoen preloe neksèni jèn sabin of pakawisanipoen pak tinoeloeng sampoen dados darbèkipoen Mas Penoeloeng waoe. Hara poenapa boten memelas makaten poenika? poenapa Mas penoeloeng kaseboet nginggil sabangs[...] poensin[...] (bo[...]di-goelaken [...] nanging . . .

Sapoenika mangsoeli b[...] jatra kas doesoen, poenapa bote[n] saja prajogi lan oetami, manawi kanggé nggitiki lintah darat mbaka sekedik (mitoeloengi tijang mlarat). Déné tjaranipoen makaten: É poenika namoeng oepami lo!

Ing sarèhné pawitaning panggesangan (sitinipoen) kantja tani ingkang mlarat² poenika ratjak sami doemawah ing tanganipoen tijang ingkang sami katjekapan. Ingkang taksih katjepeng ing kantja mlarat namoeng kantoen doran, patjeg tambah boentoet garoe lan garan arit alias kangèlanipoen, djalaran pamedal sampoen dados darbèkipoen tangga tjekap ingkang sampoen mitoeloengi roemijin. Lha ingkang makaten poenika jatra kas doesoen kanggé neboesaken sabinipoen kantja tani ingkang pamedalipoen kateda oerèt (lintah darat); dipoenwiwiti saking gantosan alit pijambak; preloenipoen:

— Sepisan: jatra saged njekapi, awit oegi wonten gantosan siti ingkang namoeng f 10, f 20, f 30. enz.

— Kaping kalihipoen: ingkang gantosan sekedik poenika limrahipoen, inggih gadahanipoen tijang mlarat, dados ingkang preloe dipoenpitoeloengi roemijin.

Déné manawi wonten gantosan ingkang sami inggih dipoensareng anggènipoen neboesaken, samanten waoe manawi jatra njekapi, déné manawi boten njekapi inggih dipoenoendi oetawi dipoenpilih poendi ingkang mila langkoeng perloe dipoenroemijinaken. Makaten saladjengipoen, dangoe - dangoe mbokmanawi saged neboesaken sabinipoen tijang-tijang ing doesoenipoen pijambak, lan mbokmanawi saged kelampahan dados lan leboering woeker itjaling oerèt-oerèt waoe.

Éé lha prakawis wangsoeling arta kas kasoepèn, kodjoer ané, mangké jatra kas doesoen telas, ladjeng dados mlarat, boten saged mitoeloengi malih.

Sapoenika tjaraning mangsoelaken makaten:

Oepami kas doesoen neboesaken sabinipoen A f 100, sabin waoe 1 taoen pamedalipoen f 60,— oetawi f 30,— (samangsa). A saben mangsa kedah mbajar dateng kas doesoen f 10 saben panèn oetawi f 20 saben taoen. Sasampoenipoen 6 oet. 7 taoen sah, dados kas doesoen gadah bebatèn sakedik; Mas A ingkang saoepami sabinipoen lestantoen wonten nggantosan namoeng badé tampi ½ ing pamedal, toer sanadjan 100 taoen pisan jèn dèrèng saged neboes, sabin boten mantoek. Jèn dipoenpitoeloengi kas doesoen kados ing nginggil, sasampoenipoen 7 taoen saking dipoenpitoeloengi kas doesoen, sabin dados darbèkipoen A pijambak toer tampining pamedal ingkang soewaoe namoeng ½ sapoenika dados ⅔. Sasampoenipoen 7 taoen tampi 100%-ning pamedal.

Kedjawi poenika jatra kas doesoen oegi katoembasaken piring tjangkir enz. (kabetahanipoen tijang gadah damel). Samangsa ing doesoenipoen wonten tijang kasripahan, betah nganggé pirantos waoe kanti gratis (tanpa prabéja), namoeng jèn wonten ingkang risak kedah nglintoni (dangoe-dangoenipoen salebetipoen saminggoe) déné manawi ingkang betah nganggé waoe tijang gadah damel mantoe, tetakan enz. (tijang seneng-seneng) kedah njéwa ½ hing pasèwan limrah. Jèn wonten ingkang risak pranatan idem nginggil. Jèn kasèwa tijang sanès doesoen séwan limrah (tanpa medak), jèn tijang kasripahan, mangka tijang sanès doesoen, badé nganggé pirantos kedah njéwa ½ sèwan limrah.

Sokoer jèn saged ngiras nandjakaken verbruik - coöperatie; poenika saja oetami.

Déné toemindakipoen sadaja waoe kedah dipoenawat-awati A.W. oetawi Wedana, tjekakipoen kedah dipoenawat - awati nagari roemijin. Poenapa para A. W. oetawi Wedana sami boten karsa bijantoe oetawi ngawat-awati toemindakipoen? Temtoe kresa, djer para prijantoen kaseboet c. s. poenika oegi dados panoentoening bangsa ingkang moerih karahardjaning negari, ketjekapaning kaoem krama, kadjèn kèringaning bangsa lan koentjaraning tanah woetah rah kita. Dados boten namoeng pangajomaning panarik paos kémawon.

Éé samanten poenika manawi pamanggih koela ing nginggil mila maédahi ageng dateng para kawoela ingkang katah-katah. Déné manawi doesoen sakinten sampoen toemindak pijambak inggih dipoentjoeiaken. (Bok tjobi sampéjan voorstèl poenika wonten ngadjenganipoen para prijantoen ing panggènan sampéjan. Red.)

Tijang doesoen H. TJITRA.

ECONOMIE.

KATOER PARA PRIJANTOEN JOGJAKARTA: KITA LAN SANÈS - SANÈSIPOEN.

Para sad. koela R. K. ing Jogjakarta sampoen dangoe koela kepéngin matoer wonten ngarsa pandjenengan sedaja, nanging margi alangan warni-warni lan adjrih bokmanawi badé ingèseman, djalaran ing atasipoen namoeng sakoela sepinten ta kasagedan koela? Teka tjoemantaka atoer pamrajogi lan soemagah-sagah nandangi atoer waoe, sanadjan saleresipoen tjoto. (Jah ja tjoto-tjoto angger toemindak, timbang djempol ning meneng).

Manoet ébahing djaman, sapoenika poenika djaman madjeng ing sedajanipoen, boten sah koela oedar sampoen priksa sedaja. Sad. R. K. oegi boten kantoen. Kempal - kempalan amrok, sekolah - sekolahan mblabar kados djamoer dipa, namoeng setoenggal ingkang radi sesakiten, oeger radi mrintis ladjeng kaparag ama, sampoen wiwit taoen 1923 saéngga sapriki sesakiting cooperatie ing Jogja tansah woek tanpa dados, manawi boten woek inggih ambjar, dados meksa dèrèng naté saged dados koetoek, agengipoen dados sawoeng of babon. Naté dados koetoek ning ladjeng sinamber woeloeng. Lah tamtoe dados gègèr-gègèran; sigeg.

Koela naté maos ing Swara Oemoem bilih ing Soerabaja cooperatie poenika wah sampoen lé nritik kados mlindjo saben k/p saben gang saben doesoen wonten toko cooperatie. Semarang oegi idem, lo kita ageng-ageng kok malah saged toemindak. Jogja kados-poendi? Mlempem poenapa boten saged toemindak? É, kok lé aèng temen ja. A. Boegel kok nganti mindoe, kana kang bisa kok kéné gak bisa, ki pijé ta? Para prijantoen pamanggih koela oeger dipoensantosani inggih saged. Nanging kedah dipoenkantèni kasetyan, liripoen sing nindaké ja setya, lengganan oegi setya, tegesipoen mestèkaken toembas dateng cooperatienipoen ing sadaja samoekawis kedah kresa, sanadjan ragi awis sekedik. Tjobi koela tjaosi dongèng bab cooperatie Mataram ngedali wonten ing sekatènan nembé poenika bikak rèstoran; bekakas sedaja njamboet lid ingkang gadah lan njéwa, koki garwa lid ingkang sami saged, djongos lid panganggé kedah Tjara Indonesia. (pantalon koeploekan) dipoenawisi keras boten kénging main mata! regining daharan ngoengak restaurant sanès. Daharan kedjawi ratengan sedaja Djoeal commisie dados boten kilak mawi arta roemijin, inoeman oegi mekaten bab bebatèn koela boten mireng, namoeng bakda sekatèn, cooperatie waoe saged nambahi damel wasscherij toko lan kleermakerij toewin combinatiean barbier enz. poenika inggih dipoenkantèni kasetyan, kabaripoen poenika mawi aandeel à f 10.— sedaja ingkang toembas aandeel sami dados propaganda dateng sinten kémawon manawi mriksani sekatèn sampoen kesoepèn Restaurant Mataram. Lo sad. tjonto, langkah kita sageda ndjadjari cooperatie waoe, sampoen kok trimah kèndel kémawen. Soemangga dipoentandangi saèstoe.

Pangadjak koela dateng para prijantoen Jogja kita, poenapa sami kersa sami moendoet betah dateng golonganipoen pijambak? Poenika menawi anggèn koela damel toko saged madeg, toko waoe kedah dipoensantosani saèstoe gagasan koela kedah damel aandeel à f 10.— en à f 5.— menawi boten wonten ingkang kersa dados koerban, ing babagan poenika A. Boegel sagah pados. Ing Canisius Drukkerij katah ingkang sami lebda ing bab poenika, prajoginipoen sad. djempolan Can. Drukkerij koela atoeri rembagan kalijan koela soepados rantjag énggal toemindak boten kok namoeng kabar-kèbèr kémawon.

K. W. Jogja kados-poendi accoord boten andaran koela, koela tawèkaken soepados kaajoman of kadakoe pisan. R. W. poenapa kersa mbijantoe kapitaal?

Ing wasana njoewoen aksama.

Tem. Kls. Den 18-10-'30.

A. Boegel.

ONDERWIJS.

TAMAN SISWA JASA PAMOELANGAN.

Kirang langkoeng sawoelan sapriki, ing Grabag bawah Magelang dipoenwonteni pamoelangan H. I. S. déning pakempalan Taman Siswa. Nalika koela mireng jèn pamoelangan sampoen wiwit bikak, moeridipoen sampoen wonten ± 35. Kabar bajaranipoen ratjak saringgit. Prijantoen B. B. katingal ageng pembantoenipoen bab wragad. Para loerah sami oeroen wragad f 5 (jèn boten f10) poenika kénging katjitjil ing saben woelan.

Saking pangandikanipoen Hr. Schoolopziener Magelang dateng koela, sekolahan waoe dipoennamani „Wilde School." *)

Pramila radi dipoentliti paniti priksanipoen S. O. kasbat dateng pamoelangan kasbat nginggil.

Grabag pantji betah pamoelangan Walandi. Tandanipoen katah laré-laré bawah Grabag oet. kita Grabag ingkang dipoensekolahaken dateng Magelang.

Ingkang kagoengan ada ngwontenaken pamoelangan H. I. S. waoe Ingkang Wedana Grabag (ingkang soewaoe. Malah kados-kados Missie inggih kagoengan nijat nedya ngwontenaken H. I. S. of Schakelschool wonten ngrikoe. **) Kala semanten saking pangangkah wragadipoen pamoelangan waoe badé dipoensangga tijang (para loerah doesoen) lan prijantoen-prijantoen ing Kawedanan Grabag. Dados pamoelangan ladjeng gadahanipoen para prijantoen sa-Grabag. Nanging poetoesanipoen ladjeng kapasrahaken dateng pakempalan T. Sw. éngga kelampahan madeg poenika. Ing samangké taksih njéwa papan (grija) dèrèng wonten ing grija pamoelangan.

Pamoedji koela moegi pamoelangan poenika damela mantoen dateng ngoronging laré-laré Grabag dateng pamoelangan Walandi.

* * *

Margi wontenipoen pamoelangan poenika, koela ladjeng kèngetan dateng omongipoen satoenggiling tijang dateng koela, mekaten:

1e. Taman Siswa poenika satoenggiling pakempalan gadahanipoen golongan Theosopie. (sasoemerep koela, poenika boten njata. Red.)

2e. T. Sw. satoenggiling pakempalan ingkang toedjoenipoen namoeng badé minteraken bangsa, langkoeng-langkoeng bangsa Indonesia. (leres! Red.)

3e. Anggènipoen ngedegaken pamoelangan-pamoelangan boten poeroen nampi subsidienipoen K. Goepermèn. (njata! Red.)

4e. Pamoelangipoen, prenatan nampi moerid, liboeran lan eischipoen piwoelang boten poeroen manoet atoeranipoen Goepermèn. (Mila poenika bokmanawi anggènipoen S.O. mastani „Wilde school." Red.)

5e. Ratjak piwoelang ing pamoelangan Tam. Sis. langkoeng inggil tinimbang pamoelangan Goepermèn, ananging diploma saking pam. Tm. Sisw. boten dipoenaken sami kalijan diplomanipoen moerid ing pamoelangan kagoenganipoen K. Goep. (poenika kénging pandjenengan njatakaken pijambak. Red.)

Kasbat 5 bab nginggil poenika. Rèhning koela dèrèng ngretos kanti terang njata lan botenipoen; mangka koela kepéngin ngretos djalaran asring wonten kanggénipoen. Mila manawi wonten ingkang karsa nerangaken dateng koela, salah satoenggiling para maos oetawi Rama Redactie, o saiba seneng koela lan sadèrèng sasampoenipoen koela matoer sembah noewoen.

Sokoer bagé manawi anggènipoen nerangaken kanti satjeta-tjetanipoen toer wonten ing taman Sw. Tm. ngriki. mBokbilih migoenani oegi dateng ingkang dèrèng ngretos sanèsipoen koela.

Poen Moedatanja.

*). Poenika saleresipoen „pamoelangan ingkang leerplanipoen boten dipoenanggep absah déning Goepermèn. Pandoegi koela, sekolahan Taman Siswa ingkang saé boten kénging dipoenwastani makaten, djer leerplanipoen pantji kadamel bèda i.p. nationaal. Red.

**). Boten sijos, margi Grabag taksih kaliten kanggé H. I. S. Toemrap Schakel oegi boten toemindak, djalaran ing ngrikoe boten wonten onderbouw. Red.